



# Prepare w pou Rantre Lekòl la

Kòm timoun yo retounen nan aprantisaj an pèsòn ak aktivite sosyal yo, asire w ke yo rete an sante ak an sekirite se pi gwo priorite nou. Vaksinen pitit ou yo se youn nan pi bon fason pou pwoteje yo ak pwoteje lòt moun!



## APRANN ENFÒMASYON YO - VAKSEN YO:

### ● SAN DANJE

Tout vaksen yo, ni sa kont COVID-19 la, yo te teste ak kontwole yo pou sekirite. Pitit ou a ka pran yon vaksen kont COVID-19 ak lòt vaksen nan menm vizit la. Pale ak founisè swen sante w la pou w konn plis.

### ● LI BON

Vaksen yo elimine oswa redwi yon fason ki konsiderab anpil maladi ki te kouran, tankou varyòl ak polyo. Vaksen kont COVID-19 yo efikas anpil pou anpeche maladi grav ak etènè lopital.

### ● DISPONIB GRATIS OSWA A PRI KI BA

Vaksen kont COVID-19 yo gratis kèlkeswa kondisyon asirans oswa imigrasyon moun nan. Pifò lòt vaksen yo se pi gwo konpayi asirans yo ki kouvri yo.

Si ou pa gen asirans oswa ou bezwen èd pou peye pou vaksen woutin ou yo, mande doktè ou s a enfòmasyon sou [Pwogram Vaksen pou Timoun yo](#).



## RATRAPE VAKSEN OU TE RATE YO

Pandan pandemi an, te gen yon diminisyon nan kantite timoun ki pran vaksen yo. Fè timoun yo pran vaksen yo te rate yo pou anpeche maladi grav ki ka nwi yo ak nwi lòt moun.



## PRAN VAKSEN COVID-19 LA

Li enpòtan pou anpil moun pran vaksen pou kanpe pandemi an. Li rekòmande pou tout moun ki gen 12 lène ak plis pran vaksen kont COVID-19 la.\*

### Resous:

[CDC: COVID-19 Vaccine for Children and Teens](#)

[CDC: COVID-19 Frequently Asked Questions](#)

[NJDOH: COVID-19](#)

[NJ School Immunization Requirements](#)



\* Pou Kounye a, vaksen Pfizer / BioNTech se sèl li ki disponib pou timoun ki gen 12 lène ak plis yo.